# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–29 अगस्त 2025** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहले हवें कि रक्षा अउर अंतरिक्ष के क्षेत्र के बादे भारत अब परमाणु ऊर्जा क्षेत्र क दरवाजो निजी क्षेत्र बदे खेलि रहल हौ। ई बाति उहां के आजु जापान कै राजधानी टोक्यो में जापान आर्थिक मंच के सम्बोधित करत कहलीं। प्रधानमंत्री कहलें कि भारत निवेस क सबसे भरोसामंद बजारि के रूप में बिकसित हो रहल बा। उहां के कहलीं कि आजु के भारत में राजनीतिक अउर आरथिक स्थिरता आ नीतियन में पारदर्सिता हौ।

**आज भारत विश्व की सबसे तेज ग्रो करने वाली मैजर इकोनॉमी है और बहुत जल्द विश्व की तीसरी सबसे बड़ी इकॉनोमी बनने जा रहा है। वैश्विक ग्रोथ में भारत 18 परसेन्ट योगदान दे रहा है।**

**********

आजु राष्ट्रीय खेल दिवस मनावल जा रहल हौ। ई दिवस हर सालि ओन्तीस अगस्त के हॉकी क दिग्गज खेलाड़ी मेजर ध्यानचन्द के जयंती पर मनावल जाला। येह मौका पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी एगो सोसल मीडिया पोस्ट के जरिये मेजर ध्यानचन्द के सरधांजलि दिहलें। उहां के कहलीं कि मेजर ध्यानचन्द क बिरासति पीढ़ियन के प्रेरित करे ला। ओहीं, देस क युवा कार्यक्रम अउर खेल मंत्री मनसुख मांडविया आजु भिन्नहीं नई दिल्ली में मेजर ध्यानचन्द राष्ट्रीय स्टेडियम में उनके मुरती पर पुस्पांजलि अरपित कइलें।

आजुये से फिट इंडिया क अखिल भारतीय खेल आन्दोलनो सुरू हो गइल हौ, जवन एकतीस अगस्त ले चली। युवा कार्यक्रम अउर खेल मंत्रालय बतवले हवे कि तीनि दिन क राष्ट्रव्यापी खेल अउर फिटनेस आन्दोलन एक घंटा, खेलि के मैदान में थीम के तहत मानावल जा रहल बा।

प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ लखनऊ के गोमती नगर के मोहम्मद शाहिद स्टेडियम में आजु राष्ट्रीय खेल दिवस पर आयोजित समारोह में हिस्सा लिहलें। येह मौका पर उहां के पद्म भूषण मेजर ध्यानचन्द के व्यक्तित्व अउर कृतित्व के बारे में चरचा कइलीं।

मुख्यमंत्री कहलें कि जब कब्बो मेजर ध्यानचन्द क बाति आवे ला त हर भारतीय के मन में हॉकी क स्टिक नजरि आवे लागे ला। उहां के सरकार की ओरि से खेलिनि के बढ़ावा देवे बदे कइल जा रहल कोसिसो क जिकिरि कइलीं।

**खेल के क्षेत्र में एक नई क्रांति देश के अंदर आ रही है। खेल की गतिविधियों कों आगे बढ़ाया जा रहा है। खेल की नई नीति को लागू कर दिया गया है। नये खिलाड़ियों को अब मंच मिलेंगे। वेजेज मिलेंगे। अच्छा इंफ्रास्ट्रक्चर मिलेगा। और इसी को ध्यान में रखते हुए प्रदेश सरकार ने भी तय किया है प्रदेश के अंदर हर कमिश्नरी में एक–एक स्पोर्ट्स कॉलेज होना चाहिए जिससे अधिक से अधिक खिलाड़ियों को अवसर मिल सके।**

येह मौका पर मुख्यमंत्री सहायक खेल प्रसिक्षकन के नियुक्ति पत्र बंटलें। सथहीं राष्ट्रीय चैम्पियनसिप में प्रदेस क अठासी पदक विजेता खेलाड़ियन के पुरस्कारो दिहलें।

प्रदेस के बनारस अउर महराजगंज के सथहीं अउरियो जिलनो में राष्ट्रीय खेल दिवस पर कई गो आयोजन कइल गइल।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में राज्य निर्वाचन आयोग क प्रदेस कार्यालय क सिलान्यास कइलें। येह मौका पर अपने सम्बोधन में उहां के कहलीं कि जौ त स्थानीय निकाय अउर पंचायती राज व्यवस्था मजबूत बा त विधानसभा अउर लोकसभो में मजबूत जनप्रतिनिधि चुनि के जालें।

**लोकतांत्रिक व्यवस्था अगर मजबूत है तो हर संस्था अपने आप ही संवेदनशील बनती है, विकास के प्रति आग्रही बनती है। आज के इस अवसर पर यह कार्य अत्यंत महत्वपूर्ण कार्य है। एक दूरदर्शितापूर्ण कार्य है। भविष्य को देखने का कार्य है। क्योंकि हमारा भविष्य प्रधानमंत्री जी ने सुनिश्चित किया है कि दो हजार सैंतालीस तक आते आते भारत विकसित भारत होगा।**

मुख्यमंत्री अजुये प्रतापगढ़ जिला में पहुंचलें। ओइजा उहां के पांच सौ सत्तर करोड़ रूपिया क एक सौ छियासी विकास परियोजनन क लोकारपण अउर सिलान्यास कइली। येहू मौका पर उहां के एगो जनसभा के सम्बोधित कइलीं अउर कहलीं कि डबल इंजन के सरकार में प्रतापगढ़ प्रगति क गढ़ बनि चुकल हौ।

मुख्यमंत्री आजु दुइ दिन क बनारस दौरो पर हवें। उनकर ई दौरा मॉरीशस के प्रधानमंत्री के प्रस्तावित दौरा क तइयारी अउर बाढ़ि से बचाव आ राहति कार क जायजा से जुड़ल बा।

**********

देस भर के अलगि–अलगि हिस्सन अउर पूरबी उत्तर प्रदेस से ढेरि संख्या में बनारस पहुंचल सरधालु आजु लोलार्क कुंड में षष्ठी नहान कइलें। नहान के दौरान ओइजा सुरक्षा क कड़ेर इंतिजाम रहल। अइसन मान्यता हौ कि जो त कउनों दम्पति ए कै साथे येह कुंड में नहइहें त उनकर मन्नति पूरा हो जाला।

**********